

## **Leson 1:**

- a) Eske tout moun ki pwofonde nan etid labib, oblije dakò antre yo?
  
- b) Eske yon moun kab pretann l ap fè teyoloji si l pa konn labib la byen?

## Leson 2:

- a) Kisa nou panse nou kab fè pou legliz pawas kote n ap viv la reflete pi byen misyon legliz inivèsèl la ?
  
- b) Kisa nou panse nou kab fè pou moun ki renmen Jezi yo men ki pa Katolik yo pou nou fè yo dekouvri nesesite inite nan mitan tout kretyen yo? Jezi nan dènnye sèn te lapriyè e li te di : «*Fè yo tounen yon sèl kò.*»

### **Leson 3:**

- a) Kijan nou panse nou kab ranje kò n pou n grandi nan konesans labib ak konesans doktrin sosyal legliz la? Ki aranjman nou kab fè pou sa?
  
- b) Eske depi kounye a nou kab fè yon bon chita e kijan nou wè nou kab bati yon plan aktivite nou ka entreprann pou chanje figi kote n ap viv lan.

## Leson 4:

- a) Nou chak ki la a, rakonte nan pwòp mo pa nou ki sa nou pi renmen nan Jezi.
- b) Nan tout tit jezi genyen yo kilès ki pi attire w? Poukisa?
- se Kris
  - redanmtè
  - Bondye ki tounen moun (enkane)
  - bon bèje.
  - ti mouton an
  - la verite
  - wout la
  - nouvèl adan...
- Ou menm ki tit ki pi atire w.

## Leson 5:

- a) Eske nou kwè Labib la se Pawòl Bondye tout bon vre?
- b) Eske nou panse Pawòl Labib la mete limyè sou sa nap viv jodi a.
- c) Puiske nou tande gen anpil moun ki ap mache ak labib, yo chak ap bay entèpretasyon pa yo e yo pa dakò antre yo menm, kijan nou kap rekonèt sak gen rezon an e sa ki pa gen rezon an?
- d) Ki sa nou menm kab fè pou pwofonde piplis nan labib la?

## Leson 6:

- a) Ki jan, ki eksperyans ou nan lapriyè?  
Pale menm si nou gen konba nan priye.
  
- b) Eske nou gen yon devosyon espesyal?  
Gen moun ki gen devosyon a Sen Sakreman-yo lapriyè anndan legliz devan Sen Sakreman; gen moun ki gen devosyon a Sakre kè; devosyon a Notre Dam de Perpetuel Secours, de Mont Carmel,... di tout lè nou resite chaplè ki jan sa pase.

## Leson 7:

- a) Poukisa nou kab di lamès la soude nou youn ak lòt dekwa nou tout ansanm nou fè yon sèl kò?
  
- b) Poukisa lè nap resite “Notre Père” ou byen “Papa Nou ki nan syèl la” oubyen ‘Papa nou ki nan syèl la”. Nou pa di: Papa Mwen men papa nou. Nou pa di: ban mwen jodi a men ban Nou jodi-a. Nou pa di: Delivre mwen men delivre NOU anba tout sa ki mal. Sa nou panse de sa ? Kisa nou refleksyon nou ka fè sou remak sa a?

## **Leson 8:**

- a) Poukisa moralite enpòtan? Pou kisa pou mwen oblije moral ?
  
- b) Kijan nou wè nou kab aplike prensip sa nan mitan nou?

## Leson 9

- a) Kisa nou ka di lan moun ki al nan Pelerinaj adwat agòch?
- b) Ki jan nou ka pi aktif nan pawas nou yo?